

Karampungan Pangrêmbagipun Wêwaton Panyêratipun Têmbung Jawi Mawi Sastra Jawi, miturut Putusan Parêpatan Kumisi Kasusastran marêngi kaping 29 Oktobêr 1922 sarta 31 Dhesèmber 1922.

I. Têmbung Lingga

1. Têmbung lingga kasêrat botên ngrangkêp aksara. Kados ta: **tun** [tuna], **wni** [wani], **sert** [sêrat], **Xz** [lênga], **bvu** [banyu], **fan** [dahana]. Botên kasêrat: **tunN** [tunna], **wnNi** [wanni], **se/rt** [sêrrat], **X=z** [lêngnga], **bnVu** [bannyu], **fhan** [dahha na].
Wontên ingkang nyêbal: **tnV** [tannya].
Dene: **rayu** [rahayu]. Sanadyan sanès têmbung lingga ugi botên kasêrat: **rhayu** [rahhayu].
Awit saking têmbung lingga: **ayu** [hayu], angsal atêr-atêr: **r** [ra].[10]
2. Têmbung lingga nigang wanda ingkang purwanipun mênga nglêgêna. Sanadyan ungêlipun purwaning lingga wau mawi sandhangan pêpêt, inggih kasêrat nglêgêna. Kados ta: **ngr** [nagara], **slk** [salaka], **wtr** [watara], **mnw** [manawa], **bdy** [badhaya].
3. Têmbung lingga nigang wanda ingkang purwanipun sigêg ing aksara irung, kasêrat kados pakêcapanipun, kados ta:
Ha. **cemPurit** [cêmpurit], **temBg** [têmbaga], **semBf** [sêmbada], **X=gn** [lênggana], **jemPn** [jêmpana].
Na **ImPit** [lampita], **s=sr** [sangsa].
4. Wanda ingkang dede wanda wêkasan botên sagêd ngangge pêpêt layar, manawi botên dipun kêrêt, inggih namung dipun layar, kados ta: **f}kuku** [drêkuku], **g}ji** [grêji], **w/n** [warna], **w/t** [warta]. Kajawi têmbung ngamănca ingkang badhe kacêthakakên, kados ta: **&upe/!u/jnF`l** [gupêrnur jendral], **[p]o[ssPe/bl** [prosès pêrbal].
5. Manawi nunggil têmbung, pasangan: **c** [ca], **j** [ja], botên kenging wontên sangandhapipun sêsigêg: **n** [na], kêdah: **v** [nya], kados ta: **wvCi** [wanyci], **juJi** [janyji].
6. Têmbung: **kLp** [klapa], botên kasêrat **klp** [kalapa]. **bÓ|f** [bludru], botên kasêrat **bluf** [baludru]. Sasaminipun. Namung manawi wontên prêlunipun, sawêg kenging kasêrat: **klp** [kalapa], **bluf** [baludru].[11]
7. **[fov** [donya], sarta: **[sov** [sonya], sami kasêrat ngangge taling tarung, botên ngangge suku.
8. Têmbung ngamănca ingkang sampun kangge ing têmbung Jawi, panyêratipun miturut pakêcapanipun têmbung ngamănca wau, kados ta: **bgsi** [bagasi], saking BAGAGE.

II. Têmbung andhahan ingkang mawi atêr-atêr

1. Anuswara

- Ha. Manawi purwaning lingga luluh, atêr-atêripun anuswara botên kasêrat ngangge: **a** [ha]. Kados ta: **ztg** [ngatag], **nnT=** [nantang], **vmBe/** [nyambêr], **m]nt** [mranata]. Manawi wontên prêlunipun kenging kasêrat: **aztg** [angatag], **annT=** [anantang], **avmBe/** [anyambêr], **am]nt** [amranata].
- Na. Manawi purwaning lingga botên luluh, kados ta: **anFf/** [andadar], **avJketet** [anjakêtêt], **anDede/** [andêdhêr], **a=gigi=** [anggithing], **amB|w=** [

ambuwang], punika botên kenging

kasêrat: **ff**/ [dadar], **jketet**\ [jakêtêt], **dede**/ [dhêdhêr], **giqi**= [githing], **buw**= [buwang].

2. Têmbung-têmbung tanduk ingkang purwaning lingganipun luluh kalihan atêr-atêripun anuswara, manawi angsal atêr-atêr: **p** [pa], purwaning tanduk botên karangkêp, kados ta: **pnemBh** [panêmbah], **pvekel**\ [panyêkêl], botên **pnNemBh** [pannêmbah], **pnVekel**\ [pannyêkêl].

3. Bawa: **k** [ka].

Têmbung bawa: **k** [ka], ingkang atêr-atêripun botên luluh kalihan purwaning lingga, atêr-atêripun: **k** [ka], kédah kapêpêt, kados ta: **keffk**\ [kêdadak].

4. Têmbung ingkang apurwa aksara: **a** [ha], manawi dipun atêr-atêri: **pi** [pi], **pji** [pri], botên ewah, kados ta: **pia**=kuh [piangkuh], **pia**[won\ [piawon], **pial** [piala]. Ingkang nyêbal, purwanipun ewah dados: **y** [ya], kados ta: **piygem**\ [piyagêm], **pji**[y=og [priyãnga].

III. Têmbung andhahan ingkang ngangge sêsêlan

1. Sêsêlan: **r** [ra], **l** [la].

Sêsêlan: **r** [ra], **l** [la]. Kasêrat miturut pangrimbagipun sêsêlan, kados

ta: **p}nÒ**\ [prêntul], **jLerit**\ [jlêrit], **gLex**= [glêrêng], botên

kasêrat: **pxnÒ**\ [parêntul], **jXrit**\ [jalêrit], **gXx**= [galêrêng]. Manawi wontên prêlunipun kenging kasêrat: **pxnÒ**\ [parêntul], **jXrit**\ [jalêrit], **gXx**= [galêrêng].

2. Sêsêlan: **n** [na], kados ta: **pinyu**=zn\ [pinayungan], punika kasêrat tanpa pasangan: **n** [na].

IV. Têmbung andhahan ingkang mawi panambang

1. Panambang ingkang apurwa aksara: **a** [ha], manawi tumrap ing wanda sigêg: **a** [ha] nipun malih dados aksara sêsigêg wau, kados

ta: **awnN** [awanna], **wt[kK** [watakke], **XXsSn**\ [lêlêssan], **n=gpPi** [nanggappi], **gegemMen**\ [gêgêmmên], **rabBn** [rahabbana].

2. Panambang: **a** [a].

Ha. Manawi wontên sawingkingipun wanda mênga nglêgêna, kasêrat têtêp: **a** [a], kados ta: **bisa** [bisaa].

Na. Ewah dados: **y** [ya], manawi sumambêt wanda mênga kanthi: wulu, utawi: taling, samantên punika manawi wanda wau sanès: **y** [ya], kados ta: **wniy** [waniya], **[d[dy** [dhedheya], nanging: **p}iyyia** [priyaya], **kp}i[ya** [kapriyea], botên kasêrat: **p}iyyiy** [priyayiya], **kp}i[yy** [kapriyeya].

Ca. Ewah dados: **w** [wa], manawi sumambêt ing wanda mênga kanthi: suku, utawi: taling tarung, samantên punika bilih wanda wau sanès: **w** [wa], kados ta: **niruw** [niruwa], **[bo[dow** [bodhowa], nanging: **nwua** [nawua], **cu[woa** [cuwoa], botên kasêrat: **nwuW** [nawuwa], **cu[wow** [cuwowa].

3. Panambang: **[a** [e], manawi sumambêt wanda mênga, ewah dados: **[n** [ne], dados tanpa pasangan: **n** [na], kados ta: **jr** [jara] – **jr[n** [jarane], botên **jr[nN** [jaranne].
alu [alu] – **alu[n** [alune], botên **alu[nN** [alunne].

4. 4. Panambang: **ai** [i], manawi wontên sawingkingipun wanda mênga, kapitulungan panambang: **an**\ [an] rumiyin, kados ta: **pd** [padha] - **mdnNi** [madhani]. **genTi** [gênti] - **a=ge[nTnNi** [anggêntènni]. **bau** [bau] - **amB[aonNi** [ambaonni].
 5. 5. Panambang: **an**\ [an].
- Ha. Manawi tumrap ing wanda mênga, ingkang mawi sandhangan: wulu, utawi: taling, mǎngka botên luluh, purwaning panambang malih dados: **y** [ya], kados ta: **ffi** [dadi] - **kffiyn**\ [kadadiyan]. **g[d** [gadhe] - **pg[dyn**\ [pagadheyan]. Manawi tumrap ing wanda mênga, ingkang mawi sandhangan: suku, utawi: taling tarung, mǎngka botên luluh, purwaning panambang malih dados: **w** [wa], kados ta: **lku** [laku] - **klkuwn**\ [kalakuwan]. **j[go** [jago] - **j[gown**\ [jagowan]
- Na. Wontên têmbung sawatawis ingkang wandanipun wêkasan kadunungan wignyan, nyêbal saking waton IV.1. kados ta: **weruh** [wêruh] - **kruwn**\ [karuwan]. **klih** [kalih] - **kliyn**\ [kaliyan]. **plih** [palih] - **pliyn**\ [paliyan] (sadhèrèk nunggil suson). Nanging: **plihan**\ [palihan] (krama), ngokonipun: **p[ron**\ [paron].
- Ca. Têmbung-têmbung ing adêg-adêg: Na, nginggil punika, manawi angsal panambang: **[a** [e], wignyanipun tarkadhang wangsul, kados ta: **kruwn**\ [karuwan] - **kruha[nN** [karuhhane]. **pliyn**\ [paliyan] - **plih[a[nN** [palihhane]
6. 6. Panambang: **aen**\ [ên], manawi sumambêt ing wanda mênga, ewah dados: **nen**\ [nên], kados ta: **auj** [uja] - **ajnen**\ [ujanên]. **pnu** [panu] - **pnunen**\ [panunên].
 7. 7. Panambang: **an** [ana]: manawi sumambêt ing wanda mênga, mawi kapitulungan panambang: **an**\ [an] rumiyin, kados ta: **ab** [aba] - **zbnNn** [ngabannana]. **tli** [tali] - **t[lnNn** [talènnana]. **[p[p** [pepe] - **[p[pnNn** [pèpènnana]. **Iku** [laku] - **l[konNn** [lakonnana]. **g[do** [gadho] - **g[donNn** [gadhonnana].
 8. 8. Panambang: **a[k** [ake].
- Ha. Manawi sumambêt ing wanda mênga, wanda wau kasigêgakên: **k** [ka] rumiyin, panambangipun lastantun: **a[k** [ake], bilih wanda wau kadunungan: wulu, malih dados: taling, manawi kadunungan: suku, dados: taling tarung, kados ta: **tp** [tapa] - **npkH[k** [napakake]. **lli** [lali] - **zL[lkH[k** [nglalèkake]. **ge[d** [gêdhe] - **a=ge[dkH[k** [anggêdhèkake]. **aju** [aju] - **z[jokH[k** [ngajokake]. **[bo[do** [bodho] - **a[mBo[dokH[k** [ambodhokake].
- Na. Têmbung ingkang wandanipun sigêg: **n** [na], manawi angsal panambang: **a[k** [ake], wontên ingkang sêsigêgipun: **n** [na], punika malih dados: **k** [ka], salajêngipun panambang: **a[k** [ake], ewah dados: **k[k** [kake], kados ta: **pkn**\ [pakan] - **mkkK[k** [makakkake]. **[a[won**\ [ewon] - **k[a[wokK[k** [kaewokkake].
9. Panambang: **n** [na]. Manawi sumambêt ing wanda sigêg, botên ewah, kados ta: **[go[lk** [golèk] - **[go[lkN** [golèkna]. Manawi wontên parlunipun badhe ngulur, panambang: **n** [na], kenging kaulur **aen** [êna]. Kados ta: **[go[lkHen** [golèkêna].

10. Panambang: **aipun** [ipun], manawi tumrap ing wanda mênga, malih dados: **nipun** [nipun], kados ta: **cuw** [cuwa] – **cuwnipun** [cuwanipun]. **[roti** [roti] – **[rotinipun** [rotinipun]. **putu** [putu] – **putunipun** [putunipun], botên kasêrat: **cuwnNipun** [cuwannipun], **[ro[tnNipun** [rotènnipun], **pu[tonNipun** [putonnipun].
11. Têmbung wisesa na lingga, manawi angsal panambang: **a** [a], kasêrat manut pakêcapanipun, dados tanpa pasangan: **n** [na], kados ta: **sbukKn** [sabukkan] – **sbukKn** [sabukkana], botên kasêrat: **sbukKnN** [sabukkanna].

V. Dwipurwa

Têmbung dwipurwa ngrangkêp sandhangan swara, kados ta: **rigen** [rigên] – **ririgen** [ririgên]. **t(k** [truksa] – **tut(k** [tutruksa]. **[wk** [weksa] – **[w[wk** [weweksa]. **[bo[nDot** [bondhot] – **[bo[bo[nDot** [bobondhot], nanging: **[gonF** [gãnda] – **g[gonF** [gagãnda], botên: **[go[gonF** [gogãnda].

VI. Dwilingga

Têmbung ingkang purwanipun: **a** [a], sarta wandanipun wêkasan sigêg, manawi kadamêl dwilingga, purwanipun têmbung ingkang wingking botên ewah dados sês sigêg wau, kados ta: **alun** [alun] – **alunHlun** [alun-alun], botên **alunNlun** [alun-nalun]. **al=** [alang] – **al=al=** [alang-alang], botên **al=zl=** [alang-ngalang].

VII. Camboran

Runtutipun akalihan Bab VI (Dwilingga), têmbung camboran ingkang têmbungipun ing ngajêng wandanipun ing wingking sigêg, sarta têmbungipun ingkang wingking apurwa: **a** [a], purwa: **a** [a], wau botên ewah, kados ta: **aufnHrum** [udan arum], botên **aufnNrum** [udan narum]. **spitH[bon** [sapit abon], botên **spitT[bon** [sapit tabon].

VIII. Têmbung: **ai=**[ing]

Têmbung ingkang apurwa: **a** [a], **r** [ra], **l** [la], manawi dumunung wontên sawingkingipun: **ai=** [ing], botên ewah, kados ta: **ai=als** [ing alas], **ai=xmB=** [ing rêmbang], **ai=lt/** [ing latar]. Wontên têmbung sawatawis ingkang nyêbal, kados ta: **ai=zi[so/** [ing ngisor], **ai=znDp** [ing ngandhap], **ai=zxp** [ing ngarêp], **ai=zj_** [ing ngajêng], **ai=zt[sS** [ing ngatase], **ai=zaurip** [ing ngaurip], **ai=z]iku** [ing ngriku].

IX. Gêmbung (pasangan: **W[wa]**)

Gêmbung botên kenging tumrap ing pasangan ingkang kasêrat wontên sangandhapipun sês sigêg, kados ta: **ank\kW[lon** [anak kwalon], botên kasêrat **ankÑÈ[lon** [anak kwalon], **rimBg\fwipu/w** [rimbag dwipurwa], botên kasêrat **rimBg...pu/w[12]** [rimbag dwipurwa].

X. Aksara Murda

1. Aksara murda namung kangge wontên ing tataprunngu, têngsipun kangge pakurmatan, sêsêratan sanèsipun botên kenging ngangge aksara murda wau.
2. Botên ngwontênakên aksara murda: %î [Rê] sarta *î [I]. [14]

XI. Aksara swara

1.

Ha. Aksara swara: **A** [a], **I** [i], **E** [e], **U** [u], **O** [o], kangge nyêrati têmbung mănca, manawi sumêdya kacêthakakên.

Na. **x** [rê], kalihan **X** [lê], lastantun kangge ing sêsêratan.

2. **A** [a], **I** [i], **E** [e], **U** [u], **O** [o]. Botên wênang dados pasangan, mila sêsigêg ing ngajêngipun kapangku, kados ta: **wuln\Ap**]il\ [wulan April]. **X** [lê]: manawi dados pasangan kawangsulakên ...**Le** [lê] kados ta: **a**[fol**Le**z [adol lênga], **ae**[fol**Le**n\ [édollên]. **x** [rê], pasanganipun lastantun: **>** [rê].

XII. Aksara rekan

1. Aksara rekan kangge nyêrati têmbung mănca manawi parlu badhe kacêthakakên.
2. Aksara rekan ingkang sumambêt ing wanda sigêg, manawi pasanganipun aksara rekan wau botên kalêrês kasêrat wontên sawingkinging sêsigêg, aksaranipun sêsigêg kédah kapangku, kados ta: **muk**]ti/ [Muktsir], **zbF**]lg+ni [Ngabdul Ghani].
3. Aksara rekan manawi angsal sandhangan: wulu, pêpêt, cêcak, utawi layar, cêcakipun tiga wontên ngajêng (kiwa) sandhangan, kados ta: **fiiki**] [dzikhir], **p+/lu** [farlu].

XIII. Āngka Jawi

Āngka Jawi amung kenging kangge urutaning bab sarta kangge titimāngsa.

XIV. Āngka Rum

Āngka Rum kenging kaangge wontên ing sêratan sastra Jawi, inggih punika kangge urutan-urutan āngka taun sasaminipun. Dene aksara Latin kenging kasambut kangge urutan-urutan.

XV. Aksara Latin dalah angkanipun

Aksara Latin dalah angkanipun manawi kasêrat amor kalihan aksara Jawi: kajêjêr, dados tumut kasêrat sangandhap garis.

XVI. Aksara Arab dalah angkanipun

Aksara Arab dalah angkanipun, manawi kasêrat awor kalihan aksara Jawi, kajêjêr, dados tumut kasêrat sangandhap garis.

XVII. Āngka 2

Āngka 2 botên kenging kaangge nyêkak têmbung: **skliyn**\ [sakaliyan], utawi têmbung dwilingga, kados ta: **pzbekTiskliyn**\ [pangabêkti sakaliyan], botên kenging kasêrat: **pzbekTi2yn**\ [pangabêkti2yan], **alunHlun**\ [alun-alun] botên kenging kasêrat **alun**\2 [alun2].